**Pou Piblikasyon Imedya:** 08/03/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# APRE TOUNE NAN LABORATWA NORTHWELL YO, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON FDA POU NORTHWELL FÈ TÈS CORONAVIRUS

"Apre plizyè jou ap defann pou FDA ak gouvènman federal la elaji kapasite pou teste coronavirus la nan Eta New York epi travay ak Northwell ak Wadsworth pou akselere pwosesis la, nou fèk resevwa mo ke Laboratwa Northwell te otorize pou teste sou otorizasyon itilizasyon ijans Wadsworth la. Egzamen manyèl 75 a 80 echantiyon pa jou ap kòmanse nan Northwell imedyatman, men nou toujou bezwen pou egzamen otomatize a apwouve pou nou ka reyalize plizyè milye pa jou.

Pandan apwobasyon sa se yon bon premye etap, FDA dwe ogmante kapasite pou fè tès pou Eta a ak laboratwa prive yo, paske toutotan nou fè plis tès, se plis moun pozitif n ap jwenn e se toutotan n ap ka kontwole epi frennen viris la pi plis. Se yon bagay pou gouvènman federal la pa gen kapasite pou fè tès pou kont yo - sa pa t bon ase - men pa gen eskiz pou yo pa otorize egzistans laboratwa pou fè travay la".

###


Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418



ANILE ENSKRIPSYON OU